


RSV

Viris respiratwa sensisyal (RSV) se yon viris respiratwa kouran ki ka lakòz sentòm grav ki mete lavi an danje kay tibebe ak granmoun aje yo.



Vaksen kont RSV disponib pou granmoun aje, tibebe ak moun ansent pou ede pwoteje moun ki pi arisk yo.



Ki moun ki an danje?

- Tibebe, sitou sila yo ki gen laj mwens pase 8 mwa
- Timoun piti ki fèt anvan lè
- Timoun ak granmoun ki gen kèk pwoblèm medikal alabaz
- Granmoun aje yo
- Moun ki gen sistèm defans ki febli
- Adilt k ap viv nan etablisman swen alontèm yo

Kisa sentòm yo ye?

- Lafyèb
- Malgòj
- Nen k ap koule
- Respirasyon siflan
- Konjesyon
- Tèt fè mal
- Tous
- Fatig

Kijan li transmèt?

RSV transmèt lè yon moun ki gen viris la touse oswa etènye, oswa lè yon moun manyen sifas ki gen viris la sou li epi apres a li manyen figi l.




Eskane Kòd QR a pou jwenn plis enfòmasyon.

Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w enkyete w oswa si ou gen kesyon sou sentòm yo.

Limite pwopagasyon RSV a:

- ☒ Pran vaksen an si ou kalifye
- ☒ Lave men w souvan
- ☒ Evite kontak pwòch avèk moun ki malad
- ☒ Kouvri bouch ou lè w ap touse ak etènye
- ☒ Rete lakay ou lè ou malad
- ☒ Mete yon mask si ou malad
- ☒ Netwaye sifas moun touche souvan yo



Vaksinasyon kont RSV

RSV sikile plis pandan mwa otòn ak ivè yo.

Vaksinasyon yo disponib pou pwoteje moun ki pi arisk yo.



Granmoun Aje yo

Vaksen kont RSV yo ka pwoteje w kont enfeksyon RSV grav.

Yon sèl dòz rekòmande pou tout granmoun laj 75 lane oswa plis.

Adilt ki gen laj 50-74 lane ki gen plis risk pou maladi RSV grav kapab pwoteje tou ak yon vaksen.

Moun Ansent yo

Moun ansent ka vaksinen kont RSV pou anpeche maladi grav kay tibebe yo a.

Pwoteksyon sa a ka dire apeprè 6 mwa apre nesans.



Tibebe yo



Tibebe laj mwens pase 8 mwa ki gen paran ki akouche yo a ki pa t resevwa vaksen kont RSV pandan gwosès dwe resevwa yon vaksen kont RSV nan premye sezon RSV yo a.

Kesyon yo Sijere pou Ou Poze Doktè W

- Èske m gen nenpòt pwoblèm sante ki ta ka mete m nan plis risk pou m trape RSV grav?
- Kisa ki enpòtan pou m konnen sou RSV ak sou lòt viris respiratwa yo sezon sa a?



Department of
Public Health
CITY OF PHILADELPHIA

Pwogram Preparasyon Pou Sante Piblik | 215-683-0806

Pou plis enfòmasyon konsènan RSV, pale avèk founisè swen prensipal ou oswa vizite [cdc.gov/rsv](https://www.cdc.gov/rsv).